



Jesyon Dechè Solid
Divizyon Kontwòl Moustik
ak Jesyon Abita

Kontwòl Moustik



Fèy Enfòmasyon sou Lavisid ak Adiltisid



Kontwòl lav moustik nan Konte Miami-Dade

Enspektè k ap travay pou Divizyon Kontwòl Moustik ak Jesyon Abita Konte Miami Dade la fè enspeksyon chak jou pou jwenn lav moustik epi pran mezi ki nesesè yo pou elimine moustik yo pandan yo nan etap devlopman kote yo se lav la. Yo vide ti kontenè yo, men pi gran sifas yo gen dwa egzije itilizasyon ensektisid. Pwosede sa a anpeche lav yo vin moustik k ap vole epi mode.

Kisa yo rele ensektisid?

Ensektisid se pwodui ki sèvi pou touye ensèk. Konte Miami Dade sèvi avèk ensektisid lavisid epitou adiltisid Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (United States Environmental Protection Agency, EPA) anrejistre pou itilizasyon nan Etazini pou kontwòl moustik.

- Lavisid yo elimine moustik ki poko grandi yo anvan yo vin grannoun. Yo kapab oswa byolojik, tankou pwoteyin ki sòti nan bakteri ki mòtèl pou moustik yo men pa pou lòt òganis, oswa yo kapab chimik, tankou regilatè kwasans ensèk, fim sifas, oswa òganofosfat. Lavisid yo kapab ede redui popilasyon moustik la an jeneral poutèt li limite kantite moustik grannoun ki pwodui yo.
- Yo aplike adiltisid yo avèk flitè pòtatif, flitè ki monte sou kamyon oswa avyon pou elimine moustik grannoun yo. Adiltisid yo gen efè imeda, nan redui kantite moustik yo ki kapab mode moun epi petèt transmèt virus Zika ak lòt maladi.

Ensektisid espesifik nou itilize yo

- Nou aplike *bacillus thuringiensis israelensis* (*Bti*) sou fòm oswa likid oswa gressnan zòn kote gen dlo dòmi avèk moustik k ap miltipliye ladan. *Bti* se yon bakteri ou jwenn natirèlman nan tè. Bakteri a pwodui pwoteyin sou fòm kristal. Lè lav moustik yo manje kristal sa yo, pwoteyin yo atake aparèy dijestif yo, epi konsa elimine lav yo. *Bti* dekonpoze rapidman epi li pa kite rezidi.
- *Bacillus sphaericus* (*Bs*) se yon bakteri ou jwenn souvan nan tè yo aplike sou fòm likid oswa gressnan zòn kote gen dlo dòmi avèk moustik k ap miltipliye ladan. Bakteri yo pwodui yon toksin pwoteyin ki gen dwa sèvi pou kontwole lav moustik yo. *Bs* la pa toksik pou òganis li pa sible yo.
- *Methoprene* (*Altosid*) se yon regilatè kwasans ensèk yo aplike sou fòm likid, gress, ti boul, oswa ti blòk nan zòn kote gen dlo dòmi avèk moustik k ap miltipliye ladan. Materyèl sa a anpeche lav moustik yo sòti kòm moustik grannoun ki kapab viv.
- *Gambusia* se yon espès pwason ki manje moustik. Pwason sa yo sèvi pou peple pisin kote yo pa fè mentnans epi y ap repwodui epi manje lav moustik yo toutan.





Kontwòl moustik granmoun

Ensektisid ki annapre yo ap sèvi kounye a nan pwogram kontwòl moustik granmoun Konte a:

- **Duet** (*Prallethrin 1% + Sumithrin 5%*) se sèl ensektisid ki sèvi nan flitè pòtatif yo. Li sèvi tou nan flitè nan sakado yo ak nan sa ki monte sou kamyon yo.
- **Biomist 30+30** (*Permethylrin 30%*) sèvi nan flitè nan sakado yo ak nan sa ki monte sou kamyon yo.
- **DeltAGard** (*Deltamethrin 2%*) sèvi nan flitè nan sakado yo ak nan sa ki monte sou kamyon yo tou.
- **Zenivex** (*Etofenprox 4%*) sèvi nan flitè nan sakado yo ak nan sa ki monte sou kamyon yo.

Dapre EPA, ensektisid sa yo kapab sèvi pou pwogram sante piblik yo pou kontwòl moustik san poze danje derezonab pou sante moun, vi sovaj la ak anviwònan an.



Kontwòl ayeryen moustik

Yo sèvi avèk tretman ayeryen pou kontwòl moustik nwizib nan Konte Miami-Dade lè kantite moustik yo jwenn nan pyèj yo depase nivo akseptab yo epi rezidan yo fè deplizanpli apèl plent pou rapòte moustik yo kòm nwizans.

Dapre Sant Ameriken yo pou Kontwòl Maladi (U.S. Centers for Disease Control), tretman ayeryen ki sèvi avèk pestisid naled la se yon metòd san danje, rapid ak efikas pou kontwòl moustik. Naled se yon pestisid EPA anrejistre Konte Miami-Dade ap itilize pou tretman ayeryen depi plis pase karant lane. Se yon ensektisid fosfat òganik a baz lwl ki sèvi sèlman pou tretman ayeryen. Pwogram kontwòl moustik yo toupatou nan Etazini epi nan konte ak distrik vwazen yo nan Florida sèvi avèk naled tou nan kad pwogram kontwòl vektè entegre yo.

Konte Miami-Dade te sèvi avèk tretman ayeryen pandan entèvansyon 2016 la kont transmisyon lokal Zika pou ede kontwole popilasyon moustik Aedes aegypti an nan Miami Beach ak nan zòn Wynwood la onò anbalavil Miami. Tretman ayeryen ki te sèvi avèk naled yo, an konjonksyon avèk tretman lavisid Bti ayeryen ak pa kamyon yo, te pèmèt Kontwòl Moustik reyisi sispann sèk transmisyon lokal Zika a.



Èske ensektisid yo danje pou moun?

Efè sou sante moun se youn nan faktè prensipal yo konsidere nan règlemantasyon ensektisid. EPA detèmine ensektisid ki sèvi yo nan kontwòl moustik pa poze yon danje derezonab pou sante moun.

Menm si sa pa nesesè, moun k ap trakase poutèt kontak avèk ensektisid, tankou moun ki sansib a pwodui chimik oswa ki gen pwoblèm respirasyon tankou opresyon, kapab rete andedan pandan peryòd tretman an pou redui chans pou yo ekspoze. Lè yo planifye pou yon zòn nan Konte a resevwa tretman ayeryen, kominote ki deziyen yo resevwa avètisman anvan tretman ayeryen an kòmanse.

Yon bagay espesyal pou note se ensektisid ki sèvi yo nan Konte Miami-Dade pou kontwole moustik yo pa pèsistan, sa ki vle di yo pa gen efè rezidyèl oswa ki dire. Yo dire yon peryòd tan byen kout, epi yo dekonpoze rapidman an pwodui derive ki san danje.